

Edikatè kòm Defansè Fè Pledwaye pou, epi Ansanm ak Fanmi Ki Pale Plizyè Lang yo

Lè n ap fè pledwaye pou, epi ansanm ak fanmi elèv k ap aprann plizyè lang yo, sa vle di nou rekonèt epi onore dwa yo genyen pou yo enfòme, patisipe, epi pou nou respekte yo kòm patnè ki egal a nou nan edikasyon pitit yo. Resous sa a, ki baze sou vwa ak eksperyans fanmi yo, ofri sijè ak egzanp kesyon pou edikatè yo poze fanmi yo. Edikatè yo ka sèvi ak resous sa a pandan yo angaje nan yon konvèrsasyon bilateral ak fanmi elèv k ap aprann plizyè lang yo, e jwenn fason pou nou pledwaye ansanm.

Ankouraje Kominikasyon Bilateral, Aksè ak Lang, ak Angajman

Li esansyèl pou gen yon kominikasyon ak yon angajman ki klè, ki konsistan, ki resipwòk epi ki aksesib ant fanmi yo ak edikatè yo pou nou defann reyisit elèv la.

Kominikasyon Bilateral e Aksè ak Lang

1. Nan ki lang ou prefere resevwa kominikasyon lekòl yo, epi kòman nou ka asire nou ou resevwa enfòmasyon yo yon fason ki klè e ki konsistan? Kòman ou prefere kominike avèk nou?
2. Konbyen fwa ou ta renmen resevwa nouvèl sou pwogrè pitit ou a, e ki metòd kominikasyon – pa egzanp: tèks, imèl, apèl nan telefòn – ki pi bon pou ou?

Angajman

1. Kòman nou ka kolabore nan yon fason ki pi efikas pou sipòte reyisit pitit ou a epi ranfòse kominote lekòl nou an?
2. Ki fason ou prefere pou w pran kontak avèk lekòl la, pataje opinyon w, oswa konekte ak lòt fanmi?
3. Èske w gen yon kesyon kèlkonk sou fason bagay yo ap mache lekòl la?
4. Èske gen sèten desizyon konsènan edikasyon ak byennèt pitit ou a ou ta renmen patisipe ladan yo?

Sipòte Aprantisaj Elèv la, Pwogrè Akademik li ak Pran Swen Byennèt li

Fanmi yo gen dwa pou yo konprann kijan y ap sipòte pitit yo nan lekòl la, ni anndan klas la ni andeyò li.

Sipò ak Opòtinite Akademik

1. Ki espwa ak objektif ou genyen pou aprantisaj pitit ou a ane sa a, epi kòman nou ka travay ansanm pou sipòte pwogrè akademik yo? Kòman mwen ka ede nouri kapasite pitit ou a pou li pale plizyè lang , oriigin enterè ak kiltirèl li?
2. Èske gen domèn akademik espesifik kote w santi pitit ou a ta ka bezwen plis sipò oswa opòtinite pou l grandi, epi kòman nou ka travay ansanm pou adrese sa yo?

Byennèt ak Sèvis Sipò

1. Kòman pitit ou a santi l lè l ap vin lekòl? Èske gen yon bagay mwen ta dwe konnen pou nou ka fè patenarya pou nouri byennèt li?
2. Èske gen nenpòt aktivite oswa sèvis – pa egzanp: aktivite apre lekòl, lesон patikilye, sante mantal, elatriye – ou ta renmen konnen plis sou yo?
3. Èske w gen lòt kesyon oswa èske gen yon lòt bagay ou ta renmen pataje?

Ki lòt kesyon ou genyen pou fanmi yo? Itilize espas ki anba a pou ekri nenpòt lòt kesyon ki monte nan lespri w.